

# FEYÈ ENFÒMASYON

## Manda Egzekitif yo pase konsènan Enstalasyon Inisèks ki nan Batiman Administratif Minisipal ak nan Zòn Minisipal yo

### KISA LI YE:

Manda Egzekitif 16 egzije pou tout ajans ki nan Vil la asire ke anplwaye kap travay pou Vil la ak moun ki nan piblik la, ka ale nan enstalasyon inisèks tankou twalèt ak vestyè ki nan batiman ak nan zòn minisipal yo, ki koresponn avèk idantite oswa ekspresyon seksyèl yo, san yo pa oblije moun sa yo pou yo prezante pyès idantite, ni dokiman medikal, ni okenn lòt prèv oswa okenn verifikasyon ki pwouve sèks yo. Depi 2002, Lalwa sou Dwa Imen nan Vil New York (New York City Human Rights Law) ap pwoteje moun kont diskriminasyon ki baze sou idantite ak ekspresyon seksyèl yo.

Manda Egzekitif la egzije ajans minisipal yo pou:

- Afiche nouvo règleman sou enstalasyon inisèks la dè kote ki vizib pou anplwaye ak moun ki nan piblik la ka wè l, sou yon peryòd twa mwa;
- Antrene manadjè yo pou yo konn règleman an sou yon peryòd yon ane epi antrene anplwaye ki gen kontak dirèk avèk piblik la sou de (2) zan;
- Fè mizajou nan plan Opòtinite Egal nan Travay (Equal Employment Opportunity, EEO) ajans yo etabli pou enkli nan plan yo egzijans pou fòmasyon sou twa mwa; ak
- Rapòte bay Depatman Sèvis Administratif nan Tout Vil la (Department of Citywide Administrative Services, DCAS) etap yo pran pou konfòme yo ak manda egzekitif ki pase jodiya, konfòmman ak egzijans yo etabli pou fè rapò sou Opòtinite Egal nan Travay (EEO).

Manda Egzekitif la respekte direktiv pou aplikasyon legal Komisyon sou Dwa Imen Vil New York (NYC Commission on Human Rights) la te etabli pa gen lontan, kote yo fè konnen si yo anpeche moun ale nan twalèt oswa nan lòt enstalasyon inisèks poutèt idantite oswa ekspresyon seksyèl yo, ke sa ap yon vyolasyon Lalwa sou Dwa Imen nan Vil New York.

### KIYÈS KI KONSÈNE:

Manda Egzekitif la aplike pou kèlkeswa moun ki itilize batiman oswa zòn ki pou Vil New York oswa ki sou kont Vil la, ikonpri anplwaye kap travay pou vil la ak moun ki nan piblik la.

### KI KOTE:

Manda Egzekitif la aplike pou tout enstalasyon ki pou Vil la oswa ki sou kont Vil la, ikonpri biwo ajans minisipal, pak piblik, pisin piblik, teren jwèt piblik, sèten enstitisyon kiltirèl ak sant rekreyasyon. Sa PA mande pou ajans minisipal yo bati oswa konstwi nouvo twalèt kabin senp ni nouvo vestyè, ni yo pa bezwen kreye nouvo afich pou twalèt ni vestyè ki egziste deja yo.

### POUKI REZON:

Moun ki transeksyèl ak moun ki gen idantite seksyèl ki pa konfòm yo gen anpil chans pou yo viktim agasman oswa viktim vyolans, sitou lè yap chèche itilize twalèt ak lòt enstalasyon inisèks. Manda Egzekitif sa a garanti ke moun ki transeksyèl oswa moun ki gen idantite seksyèl ki pa konfòm yo ka ale, an tout sekirite, nan enstalasyon inisèks ki nan batiman oswa nan espas ki pou Vil New York oswa ki sou kont Vil la. Metsouli, Manda Egzekitif sa a pral sèvi kòm egzanp pou lòt vil ak lòt eta nan peyi Etazini, sa pwoteje dwa ak libète moun ki transeksyèl ak moun ki gen idantite seksyèl ki pa konfòm yo.

### KIJAN:

Komisyon sou Dwa Imen Vil New York ak Depatman Sèvis Administratif nan Tout Vil la pral travay ansanm avèk tout ajans minisipal yo e ak lòt antite pou asire ke yo respekte Manda Egzekitif sa a.